

## **BAB III**

### **MÉTODE PANALUNGTIKAN**

Nurutkeun Sudjana (2013, kc. 52), métode panalungtikan mangrupa stratégi, prosés, jeung pamarekan dina milih jenis, karakteristik, sarta tempat jeung waktu tina data nu diperlukeun. Sedengkeun nurutkeun Arikunto (2010, kc. 192), métode panalungtikan nyaéta cara nu digunakeun ku panalungtik dina ngumpulkeun data panalungtikanna. Métode bisa mangrupa angkét, wawancara, niténan hiji hal atawa observasi, tés, jeung dokuméntasi. Ieu panalungtikan ngagunakeun pamarekan kualitatif kalayan ngagunakeun métode déskriptif. Data nu dikumpulkeun dina ieu panalungtikan nya éta téks hasil pasanggiri nulis aksara Sunda Riksa Budaya Sunda 2018. Nurutkeun Moelong (2014, kc.6), panalungtikan kualitatif mangrupa panalungtikan anu mibanda maksud pikeun maham kana kajadian nu kaalaman ku subjék panalungtikan, misalna paripolah, persépsi, motivasi, jeung sajabana, ku cara ngadéskripsikeun dina wangun kekecapan jeung basa, dina hiji kontéks alamiah jeung ngamangpaatkeun rupa-rupa métode ilmiah. Lantaran ieu panalungtikan ngagunakeun métode déskriptif, nu dimaksud métode déskriptif nurutkeun Moleong (2014, kc. 149), nyaéta ngayakeun panalungtikan sacara gembleng kana hal nu aya hubungana jeung latar panalungtikan.


Hal-hal anu didéskripsikeun dina ieu panalungtikan nya éta kamampuh nulis aksara Sunda siswa dumasar kana kamampuh siswa nulis hurup konsonan, rarangkén, vokal, jeung angka.

#### **3.1 Désain Panalungtikan**

Désain panalungtikan nyaéta rarancang kabéh hal jeung kagiatan nu dilakukeun ku panalungtik. Cindekna désain panalungtikan bisa dibagankeun ieu di handap.

### Bagan 3.1

#### Désain Panalungtikan



### 3.2 Data jeung Sumber Data


Nurutkeun Arikunto (2013, kc. 172), sumber data dina panalungtikan nya éta subjék nu bisa digunakeun pikeun nyangking data. Sumber data dina ieu panalungtikan nya éta téks hasil pasanggiri nulis aksara Sunda siswa SMA/SMK satata sa-Jawa Barat. Ieu data téh lobana 68 téks aksara Sunda.

Data dina ieu panalungtikan nyaéta hasil tulisan siswa dina wangun aksara Sunda dina salasahiji pasanggiri.

Ieu di handap conto data tina hasil pasanggiri Riksa Budaya Sunda 2018.


- 1) Data hasil pasanggiri siswa SMA

Gambar 3.1



## 2) Data hasil pasanggiri siswa SMK

**Gambar 3.2**



### 3.3 Téhnik Panalungtikan

#### 3.3.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Nurutkeun Arikunto (2010, kc. 275), ngumpulkeun data mangrupa prosés niténan variabel nu rék ditalungtik kalawan métode interview, tés, observasi, jsb. Dina ieu panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data nu digunakeun nya éta téhnik tés jeung dokuméntasi. Nurutkeun Arikunto (2010, kc. 193), téhnik tés nyaéta alat anu digunakeun pikeun ngukur kaparigelan, pangaweruh, intelegénsi, kamampuh atawa bakat anu dipiboga ku saurang individu atawa kelompok. Jadi téhnik tés dina ieu panalungtikan dipaké pikeun ngumpulkeun data ku cara ngayakeun tés ka siswa SMA/SMK satata sa-Jawa Barat dina pasanggiri Riksa Budaya Sunda 2018, téks disadiakeun ku panitia RBS 2018. Téhnik dokuméntasi nurutkeun Arikunto (2010, kc. 201), mangrupa barang-barang pikeun nulis. Jadi dina ngalaksanakeun métode dokuméntasi, panalungtik nyiapkeun barang-barang keur nulis di antarana buku-buku, majalah, dokumén, aturan-aturan, nolutén rapat, catetan sapopoé, jsb. Cindekna dokuméntasi dina ieu panalungtikan nya éta ngadokuméntasikeun pasanggiri nulis aksara Sunda dina kagiatan Riksa Budaya Sunda 2018. Léngkah-léngkah dina ngumpulkeun datana nya éta dipedar ieu di handap.

Lita Utami, 2018

**KAMAMPUH NULIS AKSARA SUNDA SISWA SMA/SMK SATATA SA-JAWA BARAT  
DINA PASANGGIRI RIKSA BUDAYA SUNDA 2018**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- 1) néangan sumber data nya éta téks hasil pasanggiri nulis aksara Sunda Riksa Budaya Sunda 2018;
- 2) nganalisis data nu rék ditalungtik; jeung
- 3) nyalin data aksara Sunda nu kapaluruh kana kartu data.

### **3.3.2 Téhnik Ngolah Data**

Sabada data kakumpulkeun, léngkah satuluyna nya éta ngolah data. Téhnik ngolah data dina ieu panalungtikan nya éta téhnik analisis. Anu dianalisisna nya éta: 1) aksara Sunda konsonan, 2) aksara Sunda rarangkén, 3) aksara Sunda vokal, jeung 4) aksara Sunda angka.

### **3.4 Instrumén Panalungtikan**

Nurutkeun Arikunto (2010, kc. 203), instrumén panalungtikan mangrupa alat atawa fasilitas anu digunakeun ku panalungtik dina ngumpulkeun data sangkan pagawéanana gampang jeung leuwih hadé, dina harti leuwih taliti, lengkep, jeung sistematis nu ngajadikeun data leuwih gampang diolah. Dina ieu panalungtikan, instrumén anu digunakeun kabagi jadi dua, nya éta instrumén panalungtikan dina ngumpulkeun data jeung instrumén panalungtikan dina ngolah data.

#### **3.4.1 Instrumén Panalungtikan Ngumpulkeun Data**

Instrumén nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta lembar téns aksara Sunda jeung kartu data.

##### **a. Lembaran Tés**

Lembar téns mangrupa instrumén panalungtikan anu eusina paréntah ka siswa sangkan migawé soal aksara Sunda. Ieu soal mangrupa transliterasi tina basa Latin kana aksara Sunda, anu lobana 10 soal.

**Tabél 3.1**  
**Lembar Tés Nulis Aksara Sunda**

| TÉS TRANSLITERASI NULIS AKSARA SUNDA   |
|--|
| <p>Tuliskeun ieu téks dina aksara Sunda!</p> <ol style="list-style-type: none"> <li>1. Taman Hutan Raya Juanda kaasup objék wisata nu pernahna di Dago Pakar kota Bandung.</li> <li>2. Di Kampung Naga aya 113 wangunan, 110 wangunan di antarana mangrupa imah.</li> <li>3. Naskah Sunda anu ditulis ku aksara Cacarakan di antarana Babad Pakuan jeung Babad Pajajaran anu ditulis taun 1916.</li> <li>4. Lutung Kasarung nyaéta carita pantun nu nyaritakeun lalampahan Sanghyang Guru Minda.</li> <li>5. Naskah-naskah Pangéran Wangsakerta kandelna antara 98 kaca nepi ka 268 kaca.</li> <li>6. Dina raraga miéling poé basa Indung Internasional tanggal 21 Pébruari 2017, mahasiswa Sunda ngalaksanakeun helaran.</li> <li>7. Riksa Budaya Sunda taun 2018 miboga téma nya éta Sunda nanjung ku basa indung.</li> <li>8. Balai Pengembangan Bahasa Daérah dan Kesenian mangrupa lembaga nu aya di Dinas Pendidikan Propinsi Jawa Barat.</li> <li>9. Dina taun 1948 Ukar Bratakusuma dilantik jadi Gubernur Jawa Barat anu ka-5.</li> <li>10. Gedung Saté mangrupa gedung puseur Pamaréntah Jawa Barat anu aya di jalan Diponegoro nomer 22 Bandung.</li> </ol> |

### b. Kartu Data

Kartu data dipaké pikeun ngumpulkeun data nu mangrupa analisis tina téks hasil nulis aksara Sunda siswa SMA/SMK. Dina kartu data aya informasi anu mangrupa nomer data, aksara Sunda nu dipaké, kode, wangun anu salah, wangun nu benerna, jeung tipe kasalahanana. Conto kartu data ébréh ieu di handap.

**Tabél 3.2**  
**Format Kartu Data**

|                        |                                 |
|------------------------|---------------------------------|
| (Nomer data)           |                                 |
| Aksara Sunda nu dipaké | : ..... (NP/NS/Nomer kasalahan) |
| Wangun anu salah       | : .....                         |
| Kuduna                 | : .....                         |
| Tipe kasalahan         | : .....                         |

Keterangan:

NP.01 : Nomer Patandang

NS.01 : Nomer Soal

### 3.4.2 Instrumén Panalungtikan Ngolah Data

Kegiatan ngolah data ogé mangrupa tahap anu penting dina panalungtikan.

Téhnik ngolah data nu digunakeun dina ieu panalungtikan di antarana:

- a) ngaruntuykeun kasalahan nu kapanggih sacara alfabétis;
- b) nganomeran kasalahan;
- c) ngitung jumlah kasalahan aksara Sunda;
- d) ngawincik kasalahan dumasar tipe kasalahanana;
- e) nganalisis kasalahan;
- f) nafsirkeun kasalahan;

Lita Utami, 2018

*KAMAMPUH NULIS AKSARA SUNDA SISWA SMA/SMK SATATA SA-JAWA BARAT  
DINA PASANGGIRI RIKSA BUDAYA SUNDA 2018*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

g) nyindekkeun hasil.

Dina ngukur kamampuh nulis, digunakeun téhnik ngolah data ku cara dibandingkeun jeung jumlah nu dipiharep, tuluy dipréséntasikeun. Data diolah kalawan léngkah-léngkah ieu di handap.

a. Meunteun kamampuh siswa

$$N = \frac{\sum B}{\sum T} \times 100\%$$

Katerangan:

N = perséntase kamampuh siswa

$\sum B$  = jumlah aksara nu bener

$\sum T$  = jumlah aksara nu dipaké

**Tabèl 3.3**  
**Instrumén Ngolah Data**

| No. | No Data. | Kalimah | Kasalahan | Kuduna | Kat. | Jumlah |
|-----|----------|---------|-----------|--------|------|--------|
|     |          |         |           |        |      |        |
|     |          |         |           |        |      |        |
|     |          |         |           |        |      |        |
|     |          |         |           |        |      |        |
|     |          |         |           |        |      |        |

Aspék nu dipeunteun tina kamampuh nulis nya éta katepatan nulis aksara Sunda. Ku kituna di handap ieu aya tabél rubrik peunteun.



**Tabél 3.4**  
**Rubrik Peunteun Kamampuh Nulis**

|                                 | <b>Skor</b> | <b>Tingkat</b> | <b>Keterangan</b>  |
|---------------------------------|-------------|----------------|--|
| Bener henteuna aksara nu dipaké | 4           | Bener pisan    | Sakabéh huruf konsonan, vokal, rarangkén, jeung angka bener pisan. |
|                                 | 3           | Bener          | Huruf konsonan, vokal, rarangkén, jeung angka bener.               |
|                                 | 2           | Sedeng         | Sawaréh huruf konsonan, vokal, rarangkén, jeung angka bener.       |
|                                 | 1           | Kurang Bener   | Huruf konsonan, vokal, rarangkén, jeung angka kurang bener.        |
|                                 | 0           | Salah          | Sakabéh huruf konsonan, vokal, rarangkén, jeung angka salah.       |

**Tabél 3.5**  
**Patokan Perséntasi Skala Lima**

| Interval Perséntase<br>Tingkat Ngawasa | Nilai Ubah Skala Lima |       | Keterangan |
|--|-----------------------|-------|------------|
|  | 0 – 4                 | E – A |            |
| 85% - 100%                             | 4                     | A     | Alus pisan |
| 75% - 84%                              | 3                     | B     | Alus       |

|           |   |   |        |
|-----------|---|---|--------|
| 60% - 74% | 2 | C | Sedeng |
| 40% - 59% | 1 | D | Kurang |
| 0% - 39%  | 0 | E | Goréng |

(Nurgiyantoro dina Abbas, 2016, kc. 32)